

# **Pengembangan LKS Tumrap Undhak-Undhakane Katrampilan Nulis Ringkesane Crita Fiksi Siswa Kelas VII SMP Muhammadiyah 6 Surabaya Taun Piwulangan 2012/ 2013**

**Sangga Dewi Gati Pratiwi**

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA ([sanggamaryasantosa@yahoo.com](mailto:sanggamaryasantosa@yahoo.com))

## **Abstrak**

Pengembangan LKS katrampilan nulis iki dilandhesi dening panganggone sumbere pasinaon sing asipat tradhisional, instan, lan tetukon. Kahanan kaya mangkono iku sing ndadekake siswa kurang nduweni greget anggongone sinau, saengga asile pasinaon ora bisa nggayuh SKBM. Mula saka kuwi, ditindakake upaya kanggo ngembangake LKS supaya luwih inovatif lan variatif. Tujuwane kanggo narik kawigatene siswa supaya luwih greget anggongone sinau, saengga asile pasinaon bisa salaras karo tujuwan pasinaon.

Underane panliten iki, yaiku (1) kepriye proses pangembangane LKS katrampilan nulis ringkesane crita fiksi; (2) kepriye tingkat validitas pangembangane LKS katrampilan nulis ringkesane crita fiksi; (3) kepriye tingkat kapraktisan panganggone LKS katrampilan nulis ringkesane crita fiksi; (4) kepriye tingkat efektivitas panganggone LKS tumrap undhak-undhakane katrampilan nulis ringkesane crita fiksi. Salaras karo underane panliten dingerteni tujuwan saka panliten iki, yaiku (1) ngandharake proses pangembangane LKS; (2) ngandharake tingkat validitas pangembangane LKS; (3) ngandharake tingkat kapraktisan panganggone LKS; (4) ngandharake tingkat efektivitas panganggone LKS tumrap undhak-undhakane katrampilan nulis ringkesane crita fiksi. Paedahe saka panliten iki, yaiku menehi gambaran marang guru supaya bisa milih lan nggunakake sumber pasinaon sing inovatif lan salaras karo kabutuhane siswa, bisa ngundhakake aktivitase siswa lan supaya siswa luwih greget anggongone sinau, mligine ing piwulangan nulis, lan aweh kontribusi tumrap sekolah kanggo ngupaya ningkatake mutu pendhidhikan kanthi cara ngembangake sumbere pasinaon kang inovatif.

Konsep ngenani pengembangan LKS katrampilan nulis iki nggunakake modhel pangembangane Thiagarajan ing bukune Trianto (2010) sing judhule Model Pembelajaran Terpadu. Modhel pengembangan kasebut diarani modhel 4-D, yaiku define, design, develop, lan dessaminate. Modhel 4-D kasebut banjur diadaptasi dadi 3-P, jalaran panliten iki mung tekan tahap katelu, yaiku pangandharan, pangrancangan, lan pengembangan. Asil kang dipikolehi saka kagiyatan pengembangan iki, yaiku prodhuk LKS tumrap katrampilan nulis kanggo siswa SMP. Konsep LKS nggunakake teorine Prastowo minangka landhesane. Prastowo ngandharake yen LKS iku mujudake lembaran sing isine arupa ringkesane materi lan pitakonan sing wajib digarap dening siswa. Sabanjure teori katrampilan nulis nggunakake pamawase basir, sing unine yen katrampilan nulis kuwi mujudake sawijine katrampilan proses kanggo ngandharake pamikir kanthi cara runtut, logis, lan ngandhut makna tartamtu. Ing panliten iki, materi sing dijupuk ana gegayutane karo sastra, mligine crita fiksi. Mula saka kuwi, panliti nggunakake teori sastra sing diandharake dening Nurgiyantoro, crita fiksi yaiku crita rekaan/ khayalan sing ora ana kasunyatan.

Prodhuk LKS katrampilan nulis kasebut banjur divalidasi dening validator media lan validator materi. Validasi media ditindakake dening dosen jurusan Teknologi Pendidikan, dene validasi materi ditindakake dening dosen jurusan basa Jawa lan guru basa Jawa ing SMP. Sawise divalidasi banjur diujekake lumantar uji coba kang winates marang 10 siswa lan uji coba kang jembar marang 61 siswa. Presentase asile validasi saka ahli media, yaiku 92% nuduhake yen prodhuk kasebut “valid banget”. Presentase saka ahli materi 1, yaiku 80%, saengga kagolong “valid”. Asile pambiji saka ahli materi 2 uga mbuktekake yen LKS sing dikembangake uga “valid banget”, katitik saka asile presentase, yaiku 85,71%. Panganggone LKS sajrone kagiyatan pamulangan antuk tanggapan kang apik banget saka siswa. Perangan kasebut bisa diwawas saka asile tanggapane siswa sawise nggunakake LKS. Asile tanggapane siswa sing apik saka kelas VII B yen dipresentasekake, yaiku 90,97, dene tanggapan sing kurang apik, yaiku 9,03%. Kelas VII C, tanggapan sing apik presentasene 89,66% lan tanggapan sing kurang apik ana 10,33%.

Panganggone LKS sajrone kagiyatan pasinaon bisa ngundhakake efektivitas katrampilan nulis ringkesane crita fiksi. Katitik saka asile pasinaon ing siklus II luwih dhuwur tinimbang siklus I. Asil pasinaone siswa kelas VII B ing siklus I, biji reratane 58,52, presentase siswa sing tuntas ana 45,45%, presentase siswa sing ora tuntas ana 54,55%. Biji rerata asil pasinaone siswa kelas VII C, yaiku 48,71. Siswa sing tuntas presentasene, yaiku 29,03% lan siswa sing ora tuntas, yaiku 70,97%. Ing siklus II, biji reratane siswa kelas VII B mundhak dadi 78,06. Presentase siswa sing tuntas uga luwih akeh, yaiku 80,65%, dene presentase siswa sing ora tuntas mudhun dadi 19,35%. Asil pasinaone siswa kelas VII C ing siklus II yen dirata-rata asile yaiku 80,65. Siswa sing tuntas yen dipresentasekne ana 87,10% lan sing ora tuntas mung 12,90%.

Panganggone LKS sajrone kagiyatan pasinaon, kejaba bisa ngundhakake efektifitas uga bisa ngundhakake aktivitas guru lan siswa. Kabukti yen aktivitas guru lan siswa ing siklus II luwih apik tinimbang siklus I. Kabukti saka asile pambiji sing ditindakake dening observer. Pambiji tumrap aktivitas guru lan siswa kelas VII B ing siklus I, yaiku 88,33% lan 88,57%. Asile pambiji tumrap aktivitas guru lan siswa kelas VII B ing siklus II, yaiku 91,67% lan 99,55%. Aktivitas guru lan siswa ing kelas VII C uga ana undhak-undhakane. Presentase aktivitas guru mundhak saka 86,67% dadi 91,67%. Presentase aktivitas siswa uga mundhak saka 80% dadi 91,11%.

**Kata kunci : pengembangan, LKS, katrampilan nulis, crita fiksi.**

## A. PURWAKA

Donyane pendhidhikan ora bisa uwal karo sarana lan prasarana pendhidhikan. Sarana lan prasarana pendhidhikan mujudake perangan sing bisa nemtokake bobote asile pendhidhikan. Sarana pendhidhikan sing dikarepake salah sijine yaiku sumber pasinaon. Kasil lan orane pendhidhikan banget anggone kasengkuyung dening pamilihe sumber pasinaon. Pamilihe sumber pasinaon kudu salaras karo kabutuhane siswa, supaya bisa nggayuh tujuan pasinaon. Panganggone sumber pasinaon kang salaras karo kabutuhane siswa, ndadekake siswa luwih aktif sajrone proses pasinaon. Kejaba saka iku, proses pasinaon uga bisa kaleksanan kanthi efektif lan efisien. Mula saka kuwi, para pendhidhik diajab supaya bisa kreatif anggone milih lan nyusun sumber pasinaon kang inovatif.

Kasunyatane, para pendhidhik akeh kang kurang kreatif anggone nggunakake sumber pasinaon. Para pendhidhik isih akeh sing nggunakake sumber pasinaon kang asipat konvensional, yaiku sumber pasinaon sing dipikolehi kanthi cara *instan* utawa *tuku* (Prastowo, 2012:18). Saperangan sumber pasinaon sing digunakake ora kontekstual, *monoton*, kurang narik kawigaten, lan ora salaras karo kabutuhane siswa. Kahanan sing kaya mangkono iku ndadekake siswa gampang bosan sajrone sinau. Panganggone sumber pasinaon kang asipat konvensional, tanpa anane kreativitas lan inovatif ndadekake endheke mutu piwulangan. Asile pasinaon uga ora bisa salaras karo tujuan pasinaon, saengga akeh siswa sing bijine sangisore SKBM (*Standar Ketuntasan Batas Minimal*).

Nulis mujudake sawijine katrampilan basa sing mbutuhake latihan kanthi ajeg lan kudu dikuwasani dening siswa. Mula saka kuwi, perlu dianakake pamulangan kang luwih efektif, nyenengake, lan inovatif. Sawijine upaya kanggo mujudake proses pasinaon sing kaya mangkono iku, bisa kalaksanan kanthi ngembangake sumber pasinaon. Sumber pasinaon kasebut luwih dipunjerake marang siswa supaya siswa luwih aktif lan ora gumantung marang guru. Sumber pasinaon sing dikarepake yaiku Lembar Kerja Siswa (LKS). Sasuwene iki LKS sing ana ing sekolahan mung digunakake minangka panyulihe buku paket nalika guru ora bisa mulang. Panganggo lan panggarape LKS ora mawa tuntunan saka guru. Panganggone LKS tanpa tuntunan saka guru ndadekake siswa sakarepe dhewe anggone nggarap gladhen. Mula saka kuwi, LKS kasebut bakal dikembangake kanthi inovatif, supaya bisa digunakake kanthi bener lan pener.

LKS sing dikembangake kasebut dipunjerake ing katrampilan nulis, mligine nulis ringkesane crita fiksi. Pamilihe katrampilan nulis kasebut linandhesan asile wawancara karo guru basa Jawa, gegayutan karo asile pasinaon siswa ing piwulang nulis sing isih sangisore SKBM. Nulis ringkesane crita fiksi dipilih jalaran salaras karo standar kompetensi (SK) sing unine “*mengungkapkan pikiran, perasaan, dan gagasan dalam bentuk narasi sederhana dengan menggunakan huruf Latin/ Jawa*” lan kompetensi

dasar (KD) sing unine “*menulis sinopsis cerita fiksi*”. Pamilihe sumber pasinaon arupa LKS, jalaran yen diawas saka pangertene, LKS minangka lembaran sing isine latihan-latihan sing kudu digarap dening siswa lan panggarapane kudu mawa tuntunan saka guru (Prastowo, 2012:203). Lumantar LKS katrampilan nulis, siswa diajab bisa luwih ajeg anggone sinau lan ngembangake katrampilan nulis. Siswa bisa luwih mandhiri anggone nggarap gladhen lan ora gumantung marang guru sawise nggunakake LKS.

Panyusune LKS amrih bisa digunakake kanthi bener lan pener kudu disusun kanthi apik lan nggatekake bobote prodhuk. Miturut pamawase Nieveen (sajrone Sodiq, 2006:63-65) kriteria-kriteria sing digunakake kanggo nemtokake bobote prodhuk pasinaon yaiku kavalidan (*validity*), kapraktisan (*practicality*), lan kaefektivan (*effectiveness*). Aspek validitas prodhuk pasinaon dipunjerake marang asile validasi. Aspek kapraktisan dipunjerake marang tanggapan siswa sawise nggunakake LKS. Aspek efektivitas dipunjerake marang asile pasinaon, sawise siswa nggunakake LKS. LKS sing bakal dikembangake nggunakake modhel Thiagarajan yaiku modhel 4-D sing nyakup tahap pendefisian (*define*), pangrancangan (*design*), pangembangan (*develop*), lan panyebaran (*disseminate*) (Trianto, 2012:93). Dene, syarat-syarat sing digunakake kanggo nemtokake apik orane LKS yaiku syarat didaktis, syarat konstruksi, lan syarat teknis (Sumartono, M. 2011. <http://m-Sumartono.blogspot.com>, diakses tanggal 15 Februari 2013).

Panliten kang ditindakake iki klebu *Penelitian Tindakan Kelas (PTK)* kang asipat pangembangan, saengga diarani PTK pangembangan. PTK yaiku panliten sing ditindakake kanthi tujuan kanggo ndandani mutu praktik kagiyatan pasinaon ing njero kelas (Kusnandar, 2010:45). Dene, pangembangan yaiku sawijine panliten sing gegayutan karo proses utawa cara-cara kanggo ngembangake prodhuk kang wis ana, supaya luwih efektif lan bisa digunakake sajrone kagiyatan pasinaon (Sukmadinata, 2008:164). Saka andharan kasebut bisa didudut yen PTK pangembangan mujudake sawijine panliten kelas sing tujuwane kanggo ndandani mutu pasinaon kanthi cara ndandani prodhuk kang wis ana supaya luwih efektif.

Ing panliten iki, teori sing digunakake cacah akeh banget, nanging ora kabeh digunakake minangka landhesan. Panliten ngenani pangembangan LKS tumrap katrampilan nulis ringkesane crita fiksi iki nggunakake teori-teori sing dirasa trep karo prekara sing diangkat, saengga bisa ngandharake nganti gamblang lan gumathok.

Teori kang kapisan gegayutan karo konsep panliten pangembangan nggunakake pamawase Sukmadinata (2008:164). Sukmadinata ngandharake yen panliten pangembangan iku mujudake sawijine panliten sing gegayutan karo cara-cara kanggo ngembangake prodhuk, saengga ngasilake prodhuk anyar. Dene, modhel sing digunakake kanggo ngembangake prodhuk kasebut nggunakake pamawase Trianto(2012:83), yaiku modhel

pengembangan Thiagarajan sing kaperang dadi patang tahap, yaiku tahap pendefinisian (*Define*), tahap pangrancangan (*Design*), tahap pengembangan (*Develop*), tahap panyebaran (*Dissminate*).

Prodhuk sing bakal dikembangake yaiku LKS. Konsep ngenani LKS nggunakake teorine Prastowo (2012:203). LKS mujudake lembaran sing isine arupa ringkesan materi lan saperangan pitakonan sing wajib digarap dening siswa. LKS sing dikembangake nengenake aspek katrampilan nulis. Konsep ngenani katrampilan nulis nggunakake pamawase Basir (2010:28-29) minangka landhesane. Katrampilan nulis mujudake sawijine katrampilan proses kanggo medharake pamikir kanthi cara runtut, logis lan ngandhut makna tartamtu.

Katrampilan nulis utawa gladhen nulis dipunjerake tumrap nulis ringkesane crita fiksi. Nulis ringkesan iku dhewe minangka landhesane nggunakake konsepe Keraf (1980:261), yaiku sawijine cara sing paling gampang kanggo mangerteni isine wacan. Dene, konsep ngenani crita fiksi nggunakake pamawase Nurgiyantoro (2007:2). Crita fiksi yaiku crita rekaan/ khayalan sing ora ana kasunyatanane.

## B. METODHE

Panliten iki klebu Penelitian Tindakan Kelas (PTK) kang asipat pengembangan, saengga diarani PTK pengembangan. Panliten ngenani PTK pengembangan iki dipunjerake tumrap pangembangan LKS. Tujuwan saka panliten pengembangan kasebut kanggo ngasilake prodhuk anyar, yaiku LKS sing digunakake minangka sumber pasinaon. Kanggo ngembangake prodhuk kasebut, ancangan modhel panliten sing digunakake yaiku modhel pengembangan Thiagarajan yaiku modhel 4-D. modhel 4-D kasebut nyakup tahap define, design, develop, lan disseminate utawa diadhaptasekake dadi modhel 4-P, yaiku Pendefinisian, Pangrancangan, Pengembangan, lan Panyebaran.

Panliten kasebut ditindakake ing SMP Muhammadiyah 6 Surabaya. Subjeke panliten iki yaiku siswa kelas VII B lan VII C. Sumbere dhata dipikolehi saka validator, guru, siswa, lan observer. Dhata sing digunakake, yaiku asile validasi, asil pasinaone siswa, asil tanggapane siswa, lan asile kinerja guru lan siswa. Dhata-dhata kasebut diklumpukane kanthi cara tes, nyebar angket, lan observasi. Dhata sing wis kasil diklumpukake banjur diandharake kanthi cara deskriptif kuantitatif.

Proses nglumpukake dhata kasebut, ditindakake kanthi cara (1) nyusun LKS (draf 1); (2) Asile penyusunan (draf 1) diserahake marang tim validator supaya divalidasi utawa dibiji; (3) Asile pambiji/ validasi saka tim validator digunakake kanggo ngrevisi draf 1 lan ngasilake draf 2; (4) Draf 2 diujekake marang siswa lumantar uji coba winates (terbatas) tumrap 10 siswa; (5) Asile uji coba terbatas kasebut digunakake kanggo ngrevisi draf 2, saengga ngasilake draf 3; (6) Draf 3 diujekake marang siswa lumantar uji coba kang jembar tumrap 69 siswa; (7) Asile uji coba kang jembar kasebut digunakake

kanggo ngrevisi draf 3, saengga ngasilake draf 4; (8) Draf 4 arupa LKS katrampilan nulis lan sabanjure bisa digunakake minangka sumber lan piranti pasinaon.

Teknik analisis sajrone panliten iki ditindakake kanthi cara (1) nganalisis dhata proses pengembangan LKS katrampilan nulis; (2) nganalisis dhata validitas pengembangan LKS katrampilan nulis ringkesane crita fiksi; (3) nganalisis dhata kapraktisan pengembangan LKS katrampilan nulis ringkesane crita fiksi; (4) nganalisis dhata efektivitas pengembangan LKS katrampilan nulis ringkesane crita fiksi; (5) nganalisis dhata saka asile observasi aktivitas guru lan aktivitas siswa.

## C. ANDHARAN

### 1.1 Analisis Proses Pengembangan LKS Katrampilan Nulis Ringkesane Crita Fiksi

Panliten pengembangan LKS iki nggunakake modhel pengembangan Thiagarajan yaiku modhel pengembangan 4-D (four D). Modhel pengembangan kasebut nyakup patang tahap, yaiku tahap pendefinisian (*define*), tahap pangrancangan (*design*), tahap pengembangan (*develop*), lan tahap panyebaran (*disseminate*). Ing panliten iki, proses pengembangane LKS mung tekan tahap katelu yaiku tahap pengembangan (*develop*).

Proses pengembangan LKS ing panliten iki katindakake ing wulan April 2012-Mei 2012. Proses pengembangan sing wis katindakake sajrone panliten iki yaiku tahap pendefinisian (*define*). Ing tahap pendefinisian (*define*) kasebut nyakup limang aspek, yaiku analisis landhesan dhasar, analisis siswa, analisis tugas, analisis konsep, lan analisis tujuan pasinaon. Ing tahap iki ngasilake analisis standar kompetensi (SK) lan kompetensi dasar (KD), analisis kabutuhane siswa, analisis konsep tumrap katrampilan nulis, lan rumusan tujuan pasinaon sing disalarasake karo indikator sing wis ditetepake.

Tahap pangrancangan (*design*) nyakup kagiyatan pangrancangan LKS. Ing kagiyatan kasebut ngasilake cengkorongane LKS tumrap katrampilan nulis ringkesane crita fiksi. Asile saka cengkorongan LKS kasebut arupa draf 1, wujud saka LKS sing bakal dikembangake. Tahap pengembangan (*develop*) nyakup kagiyatan validasi tumrap LKS sing dikembangake, revisi, uji coba terbatas, uji coba luas, sarta penyusune LKS sing arupa draf 4 (final). Kagiyatan iki ngasilake validasi ahli, revisi, pamrayoga kanggo objek uji coba, respon saka siswa, lan wujud LKS

### 1.2 Analisis Dhata Validitas Pengembangan LKS Katrampilan Nulis Ringkesane Crita Fiksi

Analisis dhata validitas diitung adhedhasar angket validasi tumrap LKS katrampilan nulis ringkesane crita fiksi sing ditindakake dening validator. Ing panliten iki sing dadi validator kaperang dadi loro, yaiku validator ahli media lan validator materi. Validator ahli media, yaiku Dr. Bachtiar Syaiful Bachri, M.Pd, minangka dosen jurusan Teknologi Pendidikan lan validator ahli materi yaiku Dra. Sri Sulistiani, M.Pd minangka dosen basa Jawa

lan ibu Yayuk Herawati S.Pd minangka guru basa Jawa ing SMP Muhammadiyah 6 Surabaya. Asile validasi saka para validator bakal diandharake ing ngisor iki.

### 1.2.1 Validasi Ahli Media

Validasi ahli media ditindakake dening dosen Teknologi Pendidikan (TP), yaiku Dr. Bachtiar S. Bachri, M.Pd, dina Kemis, tanggal 16 Mei 2013, ing jurusan Teknologi Pendidikan (TP). Kanggo nggampangake anggone nindakake validasi mbutuhake RPP sing digunakake minangka landhesane nyusun LKS.

Validator ahli media menehi pambiji adhedhasar skala sing wis disedyakake. Jumlah biji validasi, yaiku 46 lan biji maksimale yaiku 50. Persentase asile observasi aktivitas guru yaiku  $P = \frac{46}{50} \times 100\% = 92\%$ . Adhedhasar interpretasi skor, persentase 92% kagolong “apik banget”. Mula saka kuwi, bisa didudut yen LKS katrampilan nulis ringkesane crita fiksi sing dikembangake wis valid lan bisa digunakake minangka sumber pasinaoan sajrone kagiyatan pasinaoan.

### 1.2.2 Validasi Ahli Materi

Validasi ahli materi ditindakake dening rong validator, yaiku dosen basa Jawa lan guru basa Jawa SMP Muhammadiyah 6 Surabaya. Validasi sing kapisan ditindakake dening validator ahli materi 1, yaiku dosen basa Jawa, Dra. Sri Sulistiani, M.Pd, dina Senin, tanggal 20 Mei 2013 ing jurusan basa Jawa. Validasi kaloro ditindakake dening validator ahli materi 2, yaiku guru basa Jawa SMP Muhammadiyah 6 Surabaya, ibu Yayuk Herawati, S.Pd, dina Rebo, tanggal 15 Mei 2013, ing SMP Muhammadiyah 6 Surabaya.

Saka validator materi 1, dipikolehi jumlah biji validasine, yaiku 56. Dene, biji maksimale, yaiku 70. Asile saka pambiji kasebut banjur diitung nggunakake rumus  $P = \frac{56}{70} \times 100\% = 80\%$ . Adhedhasar asile persentase validasi saka validator ahli materi 1, bisa didudut yen validitas LKS katrampilan nulis kagolong “apik”. Katitik saka persentase sing wis kasil digayuh, yaiku 80%. Persentase 80% kasebut dipikolehi saka ngitung sakabehe skor, yaiku skor 3 sing cacah ana 1 poin, skor 4 ana 12 poin, lan skor 5 ana 1 poin.

Kanggo nyengkuyung supaya validitas LKS katrampilan nulis sing dikembangake luwih apik, mula ditindakake validasi kapindho dening ahli materi 2, yaiku ibu Yayuk Herawati, S.Pd, guru basa Jawa SMP Muhammadiyah 6 Surabaya. Adhedhasar validasi sing ditindakake dening validator ahli media 2, dipikolehi biji validasi, yaiku 60, biji maksimale 70, lan persentase asile validitas yaiku  $P = \frac{60}{70} \times 100\% = 85,71\%$ . Asile persentase sing wis kasil digayuh luwih saka 81%, saengga validitas LKS kasebut kagolong “apik banget”.

Gegayutan karo asile validasi saka validator ahli materi, dipikolehi persentase saka validator ahli materi 1, yaiku 80% lan validator ahli materi 2, yaiku

85,71%. Adhedhasar asile pambiji saka validator ahli materi kasebut dipikolehi rerata  $X = \frac{80\% + 85,71\%}{2} = 82,83\%$ . Mula saka kuwi, bisa didudut yen LKS katrampilan nulis ringkesane crita fiksi sing dikembangake kagolong “apik banget” utawa wis valid, saengga bisa digunakake minangka sumber pasinaoan sajrone kagiyatan pasinaoan.

### 1.3 Analisis Dhata Kapraktisan Pangembangan LKS Katrampilan Nulis Ringkesane Crita Fiksi

Dhata ngenani kapraktisan LKS katrampilan nulis dipikolehi saka asile pambiji tumrap prodhuk LKS dening siswa. Kanggo mangerteni kapraktisane LKS kasebut bisa ditindakake lumantar angket tanggapan siswa sing diwenehake sawise siswa nggunakake LKS. Panganggone LKS katrampilan nulis ing uji coba kang jembar ditindakake kaping pindho, yaiku kelas VII B lan kelas VII C. Mula, angket tanggapan siswa uga ana loro.

Ing kelas VII B, tanggapan siswa tumrap panganggone LKS kagolong “apik banget”. Katitik saka jumlah persentase tanggapan siswa kang positif (wangsulan poin a & b) yaiku 90,97%. Asile persentase kasebut dipikolehi kanthi cara ngitung persentase poin a yaiku  $P = \frac{146:10}{31} \times 100\% = 47,10\%$ . Poin b kanthi persentase  $P = \frac{139:10}{31} \times 100\% = 43,87\%$ . Asile persentase saka poin a lan b dijumlahake  $P = 47,10\% + 43,87\% = 90,97\%$ . Dene, persentase tanggapan siswa sing asipat negatif (wangsulan poin c) yaiku 9,03%. Biji kasebut dipikolehi saka ngitung persentasene, yaiku  $P = \frac{28:10}{31} \times 100\% = 9,03\%$ . Adhedhasar persentase tanggapan siswa kang asipat positif, bisa didudut yen siswa seneng tumrap panganggone LKS katrampilan nulis.

Asile ngisi angket tanggapan siswa sing ditindakake dening siswakesel VII C sawise nggunakake LKS katrampilan nulis, dipikolehi wangsulan kang maneka warna. Saka 10 poin, persentase sing mangsuli “iya” utawa tanggapan apik banget ana  $P = \frac{127:10}{30} \times 100\% = 42,33\%$ . Sing nuduhake yen tanggapan siswa marang LKS kasebut kagolong “apik”, yaiku kanthi cara mangsuli “biasa” ana  $P = \frac{142:10}{30} \times 100\% = 47,33\%$ . Dene, siswa sing nuduhake tanggapan kurang apik tumrap panganggone LKS ana  $P = \frac{31:10}{30} \times 100\% = 10,33\%$ , katitik saka siswa sing mangsuli “ora”.

Adhedhasar andharan kasebut, persentase tanggapan siswa sing kagolong apik banget lan apik dijumlahake, saengga asile persentasene  $P = 43,33\% + 47,33\% = 90,66\%$ . Persentase 90,66% kasebut nggambarake yen siswa seneng banget tumrap panganggone LKS katrampilan nulis. Ana 10,33% sing nuduhake tanggapan siswa sing kurang seneng karo panganggone LKS katrampilan nulis, jalaran saperangan siswa ora mangerteni tujuwan saka panganggone LKS kasebut.

Gegayutan karo asile ngisi angket tanggapan siswa dening siswa kelas VII B lan VII C, dipikolehi persentase saka kelas VII B, yaiku 90,97%

lan saka kelas VII C, yaiku 90,66%. Adhedhasar asile persentase kasebut dipikolehi rerata  $X = \frac{90,97\%+90,66\%}{2} = 90,82\%$ . Mula saka kuwi, bisa didudut yen LKS katrampilan nulis ringkesane crita fiksi sing dikembangake, adhedhasar skala likert kagolong “apik banget” utawa praktis, saengga bisa digunakake minangka sumbere pasinaon.

#### 1.4 Analisis Dhata Efektivitas Pengembangan LKS Katrampilan Nulis Ringkesane Crita Fiksi

Analisis dhata efektivitas diukur adhedhasar asil pasinaone siswa. Kanggo mangerteni tingkat efektivitas kasebut katindakake kanthi cara mbandhingake asil pasinaone siswa tanpa nggunakake LKS lan sawise nggunakake LKS. Ing panliten iki, kagiyatan pasinaon dibedakake dadi loro, yaiku pasinaon basa Jawa tumrap piwulangan katrampilan nulis ringkesane crita fiksi tanpa nggunakake LKS (siklus I) lan pasinaon basa Jawa tumrap piwulangan katrampilan nulis ringkesane crita fiksi kanthi nggunakake LKS (siklus II).

##### 1.4.1 Siklus I

Kagiyatan pasinaon basa Jawa ing siklus I ditindakake ing dina Slasa tanggal 30 April 2013 ing kelas VII B lan VII C. kelas VII B cacah ana 34 siswa, kasusun saka 16 siswa lanang lan 18 siswa wadon. Kelas VII C cacah ana 35 siswa sing kasusun saka 18 siswa lanang lan 17 siswa wadon. Jam piwulangan sing dienggo yaiku jam 3-4 tumrap kelas VII C lan jam 5-6 tumrap kelas VII B. Kagiyatan pasinaon dilaksanakake sapatemon. Saben patemon suwene watara 2x40 menit. Ing panliten iki, panliti minangka guru, dene guru basa Jawa minangka pangamat (observer).

Asile pasinaon sing kudu digayuh dening siswa kudu padha utawa sandhuwure SKBM sing wis ditetepake dening SMP Muhammadiyah 6 Surabaya, yaiku 75. Siswa dianggep kasil utawa tuntas anggane sinau yen bijine  $\geq 75$ . Asile tes siswa kelas VII B ing piwulangan nulis ringkesane crita fiksi tanpa nggunakake LKS isih durung kasil, jalaran dipikolehi biji rerata prestasi sinaune siswa kelas VII B, yaiku  $X = \frac{1.990}{33} = 58,52$  lan persentase katuntasan pasinaon mung nggayuh  $P = \frac{15}{33} \times 100\% = 45,45\%$ . Ana 15 siswa sing dinyatakake lulus, dene persentase pasinaon sing ora tuntas ana bocah 18 utawa  $P = \frac{18}{33} \times 100\% = 54,55\%$ . Adhedhasar andharan kasebut, persentase katuntasan nuduhake 45,45%, persentase ora tuntas nuduhake 54,55%, lan biji rata-rata nuduhake 58,52. Yen digayutake karo interpretasi skor, persentase katuntasan klebu kategori “cukup” amarga persentasene kurang saka 61%. Kabeh mau disebabake dening siswa sing isih kangelan anggane nggunakake basa Jawa kanggo nulis ringkesane crita fiksi.

Pambiji tumrap aktivitas guru sajrone kagiyatan pasinaon nulis ringkesane crita fiksi ditindakake dening observer. Observer menahi tandha ing pilihan jawaban kanthi skor kang beda-beda

salaras karo kahanan ing kagiyatan pasinaon kang ditindakake. Ing siklus 1, jumlah biji observasi aktivitas guru, yaiku 53 lan biji maksimale 60. Persentase asile observasi aktivitas guru yaiku  $P = \frac{53}{60} \times 100\% = 88,33\%$ . Adhedhasar interpretasi rumusan masalah observasi, persentase 88,33% kagolong “apik banget”.

Pambiji tumrap aktivitas siswa kelas VII B sajrone kagiyatan pasinaon nulis ringkesane crita fiksi uga ditindakake dening observer. Carane mbiji aktivitas siswa uga padha karo carane mbiji aktivitas guru, yaiku kanthi cara ngamati siswa banjur menahi tandha cawang ( $\sqrt{\quad}$ ) ing kolom sing wis sumadya. Bedane dumunung ing aspek sing dibiji.

Siswa kelas VII B sajrone kagiyatan pasinaon kagolong aktif. Katitik saka jumlah biji aktivitas siswa, yaiku 31 lan biji maksimale yaiku 35. Persentase asile aktivitas siswa yaiku  $P = \frac{31}{35} \times 100\% = 88,57\%$ . Adhedhasar interpretasi rumusan masalah observasi, persentase 88,57% kagolong “apik banget”.

Asil pasinaone siswa kelas VII C tumrap piwulangan nulis ringkesane crita fiksi tanpa nggunakake LKS, sawise dirata-rata antuk biji  $X = \frac{1510}{31} = 48,71$ . Siswa sing kasil nggayuh biji sandhuwure KKM ana 9 bocah. Yen dipersentase asile  $P = \frac{9}{31} \times 100\% = 29,03\%$ . Siswa sing ora kasil nggayuh biji sandhuwure KKM ana 22 bocah. Yen dipersentase asile  $P = \frac{22}{31} \times 100\% = 70,97\%$ . Saka andharan kasebut bisa didudut yen pasinaon nulis ringkesane crita fiksi tanpa nggunakake LKS durung kasil. Katitik saka asile persentase siswa sing ora lulus luwih akeh tinimbang siswa sing lulus, yaiku  $70,97\% \geq 29,03\%$ . Miturut interpretasi skor, asile pasinaon kasebut kagolong “kurang apik”, saengga kudu ditingkatake maneh.

Pambiji tumrap aktivitas guru sajrone kagiyatan pasinaon nulis ringkesane crita fiksi ditindakake dening observer. Sakabehe tumindake guru dibiji dening observer adhedhasar aspek sing wis ditemtokake. Asile pambiji siklus I ing kelas VII C, jumlahe biji aktivitas guru, yaiku 53 lan biji maksimale 60, saengga persentasene  $P = \frac{52}{60} \times 100\% = 86,67\%$ . Adhedhasar interpretasi rumusan masalah observasi, persentase 86,67% kagolong “apik banget”.

Pambiji tumrap aktivitas siswa kelas VII C sajrone kagiyatan pasinaon nulis ringkesane crita fiksi yaiku 28, dene biji maksimale 35. Asile pambiji tumrap aktivitas siswa banjur dipersentase kanthi itungan  $P = \frac{28}{35} \times 100\% = 80\%$ . Adhedhasar interpretasi rumusan masalah observasi, persentase 80% kagolong “apik”.

##### 1.4.2 Siklus II

Sawise nindakake kagiyatan pasinaon ing siklus I, pranyata asile pasinaon isih durung cundhuk karo apa sing dikarepake. Kabeh iku disebabake saka piranti sing digunakake kanggo evaluasi isih asipat

tradisional lan kurang narik kawigaten. Mula saka kuwi, kagiyatan pasinaon ing siklus II iki kudu ana owah-owahane, mligine ing perangan piranti kanggo evaluasi. Piranti evaluasi ing siklus II iki arupa LKS katrampilan nulis ringkesane crita fiksi sing wujud buku. Sawise nyiapake piranti kasebut, banjur nindakake kagiyatan pasinaon ing siklus II. Rantaman kagiyatan pasinaon ing siklus II padha karo ing siklus I, sing mbedakake yen siklus I tanpa nggunakake LKS lan siklus II kanthi nggunakake LKS.

Siklus II ditindakake ing dina Slasa tanggal 28 Mei 2013. Saben kelas, kagiyatan pasinaon ditindakake kanthi wektu 2x40 menit. Kagiyatan pasinaon siklus II ing kelas VII B ditindakake jam jam 5-6 utawa jam 10.10-11.30, dene kelas VII C jam 3-4 utawa jam 08.20-09.40. Panliten ing siklus II iki, panliti minangka guru, dene guru basa Jawa minangka pengamat (observer).

Asile pasinaon tumrap piwulangan nulis ringkesane crita fiksi kanthi nggunakake LKS "GELIS" nuwuhake asil sing maremake. Sanajan isih ana siswa sing ora tuntas anggone sinau, nanging yen dibandhingake karo asile pasinaon ing siklus I ana undhak-undhakane. Katitik saka pasinaon kanthi nggunakake LKS dipikolehi biji rerata prestasi sinaune siswa kelas VII B yaiku  $X = \frac{2.420}{31} = 78,06$  lan persentase katuntasan pasinaon nggayuh  $P = \frac{25}{31} \times 100\% = 80,65\%$ , nuduhake siswa sing tuntas ana 25 bocah, ateges isih ana 6 siswa sing ora tuntas. Yen dipersentase  $P = \frac{6}{31} \times 100\% = 19,35\%$ . Saka katrangan kasebut, persentase siswa sing wis tuntas ana 80,65%, siswa sing ora tuntas ana 19,35%, saengga biji rata-ratane yaiku 78,06. Adhedhasar interpretasi skor, persentase asil pasinaon kasebut kagolong "apik banget". Sanajan wis nggayuh asil kang apik, nanging kagiyatan pasinaon kudu tetep ditingkatake supaya bisa tuntas kanthi 100%.

Pambiji tumrap aktivitas guru sajrone kagiyatan pasinaon nulis ringkesane crita fiksi ditindakake dening observer. Asile observasi tumrap aktivitas guru nggayuh persentase 91,67%. Persentase kasebut dipikolehi saka skor sing kasil diklumpukake. Guru kasil nglumpukake skor 4 sing cacahane ana 5 poin lan skor 5 sing cacahane ana 7 poin. Sawise diitung, jumlah biji aktivitas guru antuk biji 55 lan biji maksimale 60. Saengga persentasene yaiku  $P = \frac{55}{60} \times 100\% = 91,67\%$ . Asile persentase kasebut yen digayutake karo interpretasi rumusan masalah nuduhake katrangan kang "apik banget". Adhedhasar andharan kasebut, bisa didudut yen guru luwes anggone nggunakake LKS sajrone kagiyatan pamulangan.

Observer ing panliten iki, kejaba aweh pambiji marang aktivitas guru uga mbiji aktivitas siswa. Sakabehe aktivitas siswa kang tuwuh diji adhedhasar aspek sing ana sajrone lembar observasi aktivitas siswa sing wis disedyakake dening panliti. Tanggapane siswa tumrap panganggone LKS mangaribawani marang aktivitas siswa. Katitik ing siklus II iki, siswa luwih aktif tinimbang siklus I. Siswa seneng karo modhele pasinaon kanthi

nggunakake LKS. Jumlahe biji aktivitas siswa nggayuh angka 41, dene biji maksimale 45. Saengga, persentase aktivitas siswa yaiku  $P = \frac{43}{45} \times 100\% = 95,55\%$ . Tanggapane siswa kasebut nuduhake asil kang "apik banget".

Asil pasinaone siswa kelas VII C tumrap piwulangan nulis ringkesane crita fiksi kanthi nggunakake LKS, sawise dirata-rata antuk biji  $X = \frac{2.500}{31} = 80,65$ . Siswa sing kasil nggayuh biji sandhuwure KKM ana 27 bocah. Yen dipersentase asile  $P = \frac{27}{31} \times 100\% = 87,10\%$ . Siswa sing ora kasil nggayuh biji sandhuwure KKM ana 4 bocah. Yen dipersentase asile  $P = \frac{4}{31} \times 100\% = 12,90\%$ . Saka andharan kasebut bisa didudut yen pasinaon nulis ringkesane crita fiksi kanthi nggunakake LKS bisa kasil. Katitik saka asile persentase siswa sing lulus luwih akeh tinimbang siswa sing ora lulus, yaiku  $87,10\% \geq 12,90\%$ . Miturut interpretasi skor, asile pasinaon kasebut kagolong "apik banget". Ateges yen panganggone LKS bisa ngundhakake asile pasinaon tumrap piwulangan nulis ringkesane crita fiksi.

Pambiji tumrap aktivitas guru sajrone kagiyatan pasinaon nulis ringkesane crita fiksi ditindakake dening observer.

Asile pambiji tumrap aktivitas guru nggayuh persentase 91,67%. Persentase kasebut dipikolehi kanthi ngitung  $P = \frac{55}{60} \times 100\% = 91,67\%$ . Angka 55 asale saka skor sing diklumpukake yaiku skor 4 ana 5 poin lan skor 5 ana 7 poin. Angka 60 nuduhake jumlah biji maksimal. Adhedhasar asile persentase sing kasil digayuh nuduhake yen guru luwes anggone nggunakake LKS sajrone kagiyatan pamulangan. Aktivitas guru sajrone nindakake kagiyatan pamulangan kagolong "apik banget".

Sakabehe aktivitas siswa ing njero kelas sasuwene proses pasinaon lumaku, tansah diamati lan dibiji dening observer. Panganggone LKS kasebut ndadekake siswa luwih aktif. Katitik saka asile persentase ing siklus II iki luwih dhuwur tinimbang ing siklus I, yaiku tanpa nggunakake LKS. Persentase sing kasil digayuh ing siklus II, yaiku  $P = \frac{41}{45} \times 100\% = 91,11\%$ . Kabeh iku disebabake krana tanggapane siswa marang panganggone LKS. Siswa seneng tumrap panganggone LKS minangka sumber pasinaon, saengga mangaribawani marang aktivitas siswa. Yen digayutake karo interpretasi skor, aktivitas siswa kelas VII C kagolong "apik banget".

#### 1.4.3 Rekapitulasi Siklus I lan Siklus II

*Rekapitulasi* tumrap kagiyatan pasinaon ing siklus I lan siklus II iki nyakup telung aspek, yaiku pandhadharan ngenani asil pasinaone siswa kelas VII B lan kelas VII C ing saben siklus, pandhadharan ngenani aktivitas guru ing kelas VII B lan VII C ing saben siklus, lan pandhadharan aktivitas siswa kelas VII B lan kelas VII C ing saben siklus.

Sawise nindakake kagiyatan pasinaon ing siklus I (tanpa nggunakake LKS) lan ing siklus II (kanthi nggunakake LKS), dipikolehi dhata asil pasinaone siswa kelas VII B lan kelas VII C.

Adhedhasar dhata kasebut, bisa diwawas yen biji rerata asile pasinaon nulis ringkesane crita fiksi siswa kelas VII SMP Muhammadiyah 6 Surabaya taun piwulangan 2012/2013, lumantar pangetrapane LKS saka siklus I menyang siklus II ana undhak-undhakake. Undhak-undhakane tumrap asile pasinaon siswa kelas VII B yaiku 19,54. Biji rerata ing piwulangan nulis ringkesane crita fiksi ing siklus I, yaiku 58,52 lan biji rerata ing siklus II yaiku 78,06.

Ing siklus I, asile pasinaon ora bisa nggayuh SKBM, yaiku  $58,52 \leq 75$ . Kabeh iku disebabake saka anane kakurangan sajrone nindakake kagiyatan pasinaon, saengga kudu ditindakake upaya kanggo ndandani kagiyatan pasinaon kasebut. Upaya-upaya kasebut ditindakake sajrone nindakake kagiyatan pasinaon ing siklus II. Upaya sing ditindakake ing siklus II kasebut kanthi cara ngetrapake LKS sajrone kagiyatan pasinaon. Panganggone LKS kasebut bisa ngundhakake biji rerata saka 58,52 dadi 78,06.

Semono uga ing kelas VII C, asile pasinaon tumrap nulis ringkesane crita fiksi uga ana undhak-undhakake, yaiku 31,94. Undhak-undhakan kasebut bisa diwawas saka mbandhingake biji reratane ing siklus I lan siklus II. Biji rerata ing siklus I, yaiku 48,71 lan biji rerata ing siklus II, yaiku 80,65. Adhedhasar biji rerata kasebut, kelas VII C durung kasil nggayuh SKBM, jalaran rerata  $48,71 \leq 75$ .

Kaya dene sing ditindakake ing kelas VII B, kanggo ndandani asile pasinaon kasebut, kagiyatan pasinaon ing kelas VII C ing siklus II uga ditindakake kanthi cara nggunakake LKS minangka sumber pasinaon. Sawise nggunakake LKS, pranyata asile pasinaon uga ana undhak-undhakake. Sadurunge nggunakake LKS, biji reratane mung 48,71 lan sawise nggunakake LKS, biji reratane mundhak dadi 80,65.

Adhedhasar asile pasinaon ing siklus II, kagiyatan pasinaon ing kelas VII B lan kelas VII C bisa diarani tuntas, amarga biji rerata ing siklus II kasil nggayuh SKBM, yaiku  $78,06 \geq 75$  tumrap kelas VII B lan  $80,65 \geq 75$  tumrap kelas VII C. Mula saka kuwi, bisa didudut yen panganggone LKS bisa ngundhakake efektivitas nulis ringkesane crita fiksi.

Sajrone nindakake kagiyatan pamulangan, sakabehe tumindake guru dibiji dening observer lumantar lembar aktivitas guru. Lembar aktivitas guru sing digunakake minangka piranti pambiji dening observer, antarane kelas VII B lan kelas VII C padha. Nanging, tumindake guru bisa wae beda, gumantung saka kahanane kelas. Kagiyatan pasinaon sing ditindakake ing kelas VII B lan kelas VII C ing siklus I lan siklus II ana padha lan bedhane. Perangan kang padha dumunung ing materi piwulangan, yaiku padha-padha nulis ringkesane crita fiksi. Dene, perangan sing mbedakake yaiku ing siklus I, kagiyatan pasinaon ditindakake tanpa nggunakake LKS lan ing siklus II kanthi nggunakake LKS. Panganggone LKS kasebut kejaba mangaribawani asil pasinaone siswa, uga mangaribawani tumrap aktivitas guru.

Ing siklus II guru luwih aktif tinimbang ing siklus I. Sanajan ing siklus I, aktivitas guru wis nuduhake asil kang apik, nanging sawise nggunakake LKS, guru luwih aktif. Katitik saka asile persentase

ing siklus II luwih dhuwur tinimbang ing siklus I, yaiku  $91,67\% > 88,33\%$  tumrap kelas VII B lan  $91,67\% > 86,67\%$  tumrap kelas VII C.

Sajrone nindakake kagiyatan pasinaon, ora mung aktivitas guru sing antuk pambiji dening observer. Aktivitas siswa uga dibiji. Pambiji tumrap aktivitas siswa ditindakake adhedhasar lembar observasi aktivitas siswa sing wis didudun sadurunge. Aspek sing dibiji sajrone lembar aktivitas siswa, antarane kelas VII B lan kelas VII C padha. Nanging, kasunyatanane asile persentase aktivitas siswa kelas VII B lan kelas VII C bedha. Kejaba disebabake dening aktivitas guru nalika ngandharake materi, uga krana siswa sing ora nggatekake nalika kagiyatan pasinaon lumaku.

Adhedhasar asile persentase tumrap aktivitas siswa ing siklus I, aktivitas siswa kelas VII B nuduhake asil kang apik banget. Katitik saka gedhene persentase, yaiku  $88,57\% \geq 81\%$ . Adhedhasar interpretasi rumusan masalah observasi kagolong "apik banget". Persentase kelas VII C uga nuduhake asil kang ora nguciwakake. Asile persentase aktivitas siswa kelas VII C, yaiku 80%. Persentase 80% dumunung antarane 61% - 80% kanthi kualifikasi "apik". Mula saka kuwi, aktivitas siswa kelas VII C ing siklus I kagolong apik.

Sanajan aktivitas siswa ing siklus I wis nuduhake asil kang maremake, nanging yen diwawas saka asil pasinaone siswa ing siklus I, isih nuduhake asil kang nguciwakake. Kagiyatan pasinaon ing siklus I didandani kanthi cara ngetrapake LKS sajrone pasinaon. Pranyata, panganggone LKS minangka sumber pasinaon nuwuhake asil kang positif. Kejaba asil pasinaone siswa sing ngalami undhak-undhakan, siswa uga luwih aktif. Katitik saka persentase aktivitas siswa sing uga ngalami undhak-undhakakan. Ing siklus I, persentase aktivitas siswa kelas VII B mundhak saka 88,57% dadi 99,55%. Undhak-undhakane watara 10,98%. Dene, aktivitas siswa kelas VII C mundhak saka 80% dadi 91,11%. Undhak-undhakane watara 11,11%. Adhedhasar katrangan kasebut, bisa didudut yen panganggone LKS bisa ngundhakake aktivitas siswa sajrone nindakake kagiyatan pasinaon ing njero kelas.

#### 1.4.4 Dudutan saka Kagiyatan Pasinaon ing Siklus I lan Siklus II

Adhedhasar panliten sing wis ditindakake ing siklus I lan siklus II, bisa didudut yen (1) Persentase asil pasinaone siswa kelas VII B sing tuntas ing siklus II luwih apik tinimbang ing siklus I, yaiku  $80,65\% > 45,45\%$ ; (2) Persentase asil pasinaone siswa kelas VII C sing tuntas ing siklus II luwih apik tinimbang ing siklus I yaiku  $87,10\% > 29,03\%$ ; (3) Persentase aktivitas guru ing kelas VII B mundhak saka 88,33% dadi 91,67%; (4) Persentase aktivitas guru ing kelas VII C mundhak saka 86,67% dadi 91,67%; (5) Persentase aktivitas siswa kelas VII B mundhak saka 88,57% dadi 99,55%; (6) Persentase aktivitas siswa kelas VII C mundhak saka 80% dadi 91,11%.

Mula saka kuwi, hipotesis saka panliten iki kabukti, yaiku panganggone LKS bisa ngundhakake efektivitas katrampilan nulis ringkesane crita fiksi

tumrap siswa kelas VII SMP Muhammadiyah 6 Surabaya.

## D. PANUTUP

### 1. Dudutan

Saka sakabehe kagiyatan sing wis ditindakake wiwit saka proses pangembangan nganti uji prodhuk tumrap LKS katrampilan nulis, bisa didudut yen (1) Pangembangane LKS katrampilan nulis kanggo siswa SMP kelas VII semester genep iki nggunakake modhel pangembangane Thiagarajan, yaiku 4-D.; (2) Asil kang dipikolehi saka proses pangembangan, yaiku LKS katrampilan nulis utawa LKS "GELIS" sing tegese prigel nulis, mligine ing babagan nulis ringkesane crita fiksi; (3) Prodruk LKS sing wis diasilake divalidasi dening validator ahli media lan materi lan diujekake marang siswa lumantar uji coba kang winates (10 siswa) lan uji coba kang jembar (62 siswa); (4) Tingkat kavalidane LKS katrampilan nulis ditemtokake saka asile validasi. Asile validasi saka validator ahli nuduhake yen LKS sing dikembangake kagolong valid, yaiku kanthi presentase 92%. Rekapitulasi saka validator ahli materi uga kagolong valid, yaiku 82,83% kanthi peprincen saka dosen basa Jawa antuk biji 80% lan saka guru basa Jawa antuk biji 85,71%; (5) Tingkat kapraktisan panganggone LKS ditemtokake saka tanggapanane siswa sawise nggunakake LKS sing dikembangake. Siswa kelas VII B, sing nuduhake tanggapan kang apik presentasene 90,97% lan sing nuduhake tanggapan kang kurang apik presentasene 9,03%. Siswa kelas VII C, presentase saka tanggapan kang apik, yaiku 89,66% lan presentase saka tanggapan kang kurang apik, yaiku 10,33%. Presentase saka tanggapan kang apik yen dirata-rata, yaiku 90,32%, saengga kabukti yen panganggone LKS kasebut praktis banget; (6) Tingkat efektifitas panganggone LKS diwawas saka mbandingake asil pasinaone siswa ing siklus I (tanpa nggunakake LKS) lan siklus II (kanthi nggunakake LKS). Biji rerata saka kelas VII B mundhak 19,54, yaiku saka 58,52 dadi 78,06. Presentase siswa sing tuntas mundhak saka 45,45% dadi 80,65%. Presentase siswa sing ora tuntas mudhun saka 54,55% dadi 19,35%. Ing kelas VII C, asile pasinaon uga ana undhak-undhakane. Biji reratane mundhak saka 48,71 dadi 80,65. Presentase katuntasane uga mundhak, yaiku 29,03% dadi 87,10%, saengga presentase siswa sing ora tuntas mudhun saka 80,65% dadi 12,90%. Adhedhasar biji rerata lan asil presentase katuntasane, kabukti yen panganggone LKS bisa ngundhakake efektifitas katrampilan nulis ringkesane crita fiksi; (7) Panganggone LKS sajrone kagiyatan pasinaon ndadekake guru lan siswa luwih aktif. Katitik saka asile pambiji tumrap aktivitas guru lan siswa ing siklus I luwih dhuwur tinimbang siklus I. Ing siklus I, presentase aktivitas guru ing kelas VII B, yaiku 88,33% lan ing siklus II, yaiku 91,67%. Ing kelas VII C, aktivitas guru mundhak saka 86,67% dadi 91,67%. Asile pambiji tumrap aktivitas siswa uga ana undhak-undhakane. Presentase aktivitas siswa kelas VII B, yaiku 99,55% > 88,57%. Presentase aktivitas siswa kelas VII C, 91,11% > 80%. saka dhata kasebut, bisa

didudut yen panganggone LKS sajrone kagiyatan pasinaon bisa ngundhakake aktivitas guru lan siswa; (8) Hipotesis tindaka saka panliten iki bisa kabukti, yaiku panganggone LKS bisa ngundhakake efektivitas katrampilan nulis ringkesane crita fiksi tumrap siswa kelas VII SMP Muhammadiyah 6 Surabaya.

### 2. Pamrayoga

Pamrayoga minangka wujud pangarep-arepe panliti marang pihak-pihak tartamtu. Ing panliten iki, pamrayoga kasebut ditujokake marang guru, siswa, lan masyarakat umum, ing antarane: (1) panyusune LKS iki digunakake kanggo aweh pambiyantu marang guru supaya anggone ngandharake materi bisa lumaku kanthi efektif, nanging panganggone LKS iki ora ateges bisa nyulahi kuwajibane guru anggone mulang. Mula saka kuwi, guru kudu tansah ngancani lan nuntun siswa sajrone nggunakake LKS iki; (2) kalungguhane LKS iki minangka sumber pasinaon. Soal gladhen sajrone LKS iki mujudake upaya kanggo ngasah katrampilane siswa, mligine ing babagan nulis. Sanajan kaya mangkono, siswa aja nganti gumantung marang LKS wae. Siswa kudu sregep maca buku-buku liya sing bisa didadekake referensi utawa sumber pasinaon lan kerep latihan nulis kanthi media apa wae supaya katrampilan nulise luwih apik; (3) panliten iki ngasilake prodruk arupa media cethak, yaiku LKS. LKS kasebut banjur digunakake sajrone kagiyatan pasinaon minangka sumber pasinaon. Panyusune LKS kasebut linandhesan karo kabutuhane siswa, standar kompetensi, lan kompetensi dasar. Mula saka kuwi, yen LKS iki arep digunakake kanggo sekolahan sadrajat, kudu ditindakake analisis maneh tumrap kabutuhane siswa, standar kompetensi, lan kompetensi dasar supaya LKS kasebut bisa dimanfaatkan sajrone kagiyatan pasinaon.

## KAPUSTAKAN

- Akhadijah, Sabarti, dkk. 1998. Pembinaan Kemampuan Menulis Bahasa Indonesia. Jakarta: Erlangga.
- Aminudin. 2011. Pengantar Apresiasi Karya Sastra. Bandung: Sinar Baru.
- Arikunto, Suharsimi. 2002. Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek. Bandung: Rineka Cipta.
- Basir, Udjang Pr. 2010. Keterampilan Menulis: Dasar Menulis Ilmiah dalam Tulisan Latin dan Jawa (Pengantar Teori dan Praktik). Surabaya: UNESA Press.
- Fajar, Maulana, W. 2011. <http://zonasabar.blogspot.com>, (diakses tanggal 12 Maret 2013).
- <http://iierrrr.blogspot.com/2012/05/pembuatan-lks-lembar-kerja-siswa.html>, (diakses tanggal 15 Januari).



- <http://www.sarjanaku.com/2011/08/keterampilan-berbahasa.html>, (diakses tanggal 12 maret 2013).
- Indarti, Titik. 2008. Penelitian Tindakan Kelas (PTK) dan Penelitian Ilmiah: Prinsip-Prinsip Dasar, Langkah-Langkah dan Implementasinya. Surabaya: Penerbit Bahasa dan Sastra Universitas Negeri Surabaya.
- Keraf, Gorys. 1980. Komposisi. Flores: Nusa Indah.
- Kosasih. 2009. Mandiri Bahasa Indonesia. Erlangga: Surabaya.
- Kusnandar. 2010. Langkah Mudah Penelitian Tindakan Kelas Sebagai Pengembangan Profesi Guru. Jajarta: PT. Rajawali Press.
- Najid, Moh. 2009. Apresiasi Prosa Fiksi. Surabaya: University Press.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. Teori Pengkajian Fiksi. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Nurhadi. 1987. Membaca Cepat dan Efektif. Bandung: Sinar Baru
- Prastowo, Andi. 2012. Panduan Kreatif Membuat Bahan Ajar Inovatif. Yogyakarta: DIVA Press.
- Rescha. 2010. <http://scribd.com> (diakses tanggal 25 Februari 2013).
- Riduwan. 2012. Dasar-Dasar Statistika. Bandung: Alfabeta.
- Sodiq, Syamsul, dkk. 2006. Pengembangan Materi Pembelajaran Sekolah Menengah Pertama Mata Pelajaran Bahasa Indonesia. Jakarta: Direktorat Pembinaan Sekolah Menengah Pertama.
- Sudijono, Anas. 2012. Pengantar Statistik Pendidikan. Jakarta: PT Rajawali Press.
- Sudjana, Nana. 2009. Dasar-Dasar Proses Belajar Mengajar. Bandung: Sinar Baru.
- Sudjana, Nana. 2012. Penilaian Hasil Proses Belajar Mengajar. Bandung: PT Remaja Roesdakarya.
- Sukmadinata, Nana Syauidih. 2008. Metode Penelitian Pendidikan. Bandung: Roesda karya.
- Sumartono, M. 2011. <http://m-Sumartono.blogspot.com>, (diakses tanggal 15 Februari 2013).
- Tarigan, Henry Guntur. 1982. Menulis Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa. Bandung: Angkasa.
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. Menulis Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa. Bandung: Angkasa.
- Trianto. 2012. Model Pembelajaran Terpadu. Jakarta: Bumi Aksara.
- Yulianto, Bambang. 2008. Mengembangkan Menulis Teknis. Surabaya: Unesa Press.